

## **BAB V**

### **KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI**

#### **5.1 Kacindekan**

Dumasar hasil analisis jeung pedaran anu diébréhkeun dina bab IV bisa dicindekkeun yén ayana kasopanan dina komunikasi diwengku ku tahapan kasopanan jeung maksim kasopanan. Kasopanan hal anu diajénan pikeun méré panghormat sarta dibutuhkeun pikeun nytingkahana ngarendahkeun batur.

Dina novel *Kasambet* karya Ahmad Bakri kapanggih larapna tahapan kasopanan dina wangun omongan (120 omongan). Eta tahapan kasopanan teh ngabogaan 1) wanda tahapan kasopanan, 2) pola tahapan kasopanan, jeung 3) maksim kasopanan.

Wanda tahapan kasopnana nyoko kana dua kasopanan, nyaeta (1) tahapan kasopanan murni (65 omongan), anu dina makena omongan sageblengna ngagunakeun kecap-kecap anu sopan; jeung (2) tahapan kasopanan campuran (55 omongan), anu dina prakna digunakeun campuran antara kasopanan jeung ragam basa sejen seperti ragam kasar jeung ragam sedeng.

Unggal tahapan kasopanan dipasing-pasing deui dumasar pola tahapan kasopanan anu dibagi jadi: 1) tahapan kasopanan murni ngawengku a) sopan keur diri sorangan (30 omongan), b) sopan keur batur sahandapeun (3 omongan), c) sopan keur batur saluhureun (29 omongan), jeung d) sopan keur batur satata (3 omongan), sarta 2) tahapan kasopanan campuran ngawengku a) campuran sopan keur diri sorangan jeung sedeng (29 omongan), b) campuran sopan keur batur sahandapeun jeung sedeng (5 omongan), c) campuran sopan keur batur saluhureun jeung sedeng (15 omongan), d) campuran sopan keur batur satata jeung sedeng (2 omongan), ogé e) campuran sopan jeung nétral (4 omongan). Data pola tahapan kasopanan anu pangréana mangrupa pola tahapan kasopanan murni keur diri sorangan, sedengkeun data pola tahapan kasopanan anu pangsaeutikna mangrupa tahapan kasopanan campuran keur batur satata jeung sedeng.

Satulunya data dikelompokkeun dumasar kana maksim kasopanan. Kapanggih data maksim kasopanan anu pangréana dina ieu novel mangrupa maksim kawijaksanaan (26 omongan), sedengkeun data maksim kasopanan anu pangsaeutikna mangrupa maksim balabah (08 omongan) jeung maksim handap asor (08 omongan). Maksim séjéenna nyaéta maksim katumarima (21 omongan), maksim pangcocog (20 omongan), maksim kasimpati (18 omongan), jeung maksim campuran (19 omongan).

## 5.2 Rékoméndasi

Sabada kacindekkan nu dipedar saacanna, aya sababaraha rékoméndasi anu patali jeung ieu panalungtikan.

- a. Pikeun pangajaran basa Sunda, ieu panalungtikan bisa dijadikeun bahan ajar dina matéri tatakrama basa Sunda sarta ngamekarkeun Profil Pancasila patali jeung kasopanan ogé karakter siswa.
- b. Pikeun panalungtik kahareupna, dipiharep bisa ngalaksanakeun jeung ngamekarkeun panalungtikan dina widang élmu pragmatik patali jeung tahapan kasopanan anu bisa diguar dina kahirupan masarakat anu saenyan.
- c. Pikeun pamaca, dipiharep bisa dijadikeun bahan bacaan masarakat sangkan miboga sikep nu luyu jeung tatakrama basa Sunda dina kahirupan sapopoé.